



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 76.4 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI RAY POU TRANSPÒ MACHANDIZ

Yo bay finansman Eta a pou ranfòse sekirite, amelyore fyabilite sèvis yo epi sipòte devlopman ekonomik rejyonal yo

Deplase machandiz pa tren diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak soulaje anbouteyaj otowout yo pou sipòte objektif klimatik New York la k ap mennen nan nasyon an.

Gen yon lis konplè pwojè yo akòde yo selon rejyon ki disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 76.4 milyon dola nan finansman pou 38 pwojè pou renouvle ak modènize enfrastrikti ray pou transpò machandiz New York la. Sibvansyon ki 100 pousan finanse pa Eta sa yo konplete plis pase 100 milyon dola chak ane nan envestisman enfrastrikti prive ke endistri ray pou transpò machandiz la fè nan New York. Investisman estratejik nan amelyorasyon ray pou transpò machandiz yo esansyèl pou kenbe ak amelyore aksè ak mache a pou biznis manifakti ak agrikòl yo atravè Eta a, tankou Alcoa nan Rejyon North Country, Corning nan Rejyon Southern Tier, ak Lackawanna Products nan Rejyon Lwès New York la.

"Pwojè enfrastrikti yo ki finanse ak sibvansyon sa yo pral ankouraje retou ekonomik nou an ak nouvo djòb konstriksyon, pandan y ap fè ekonomi rejyonal yo pi konpetitif alontèm epi amelyore mouvman machandiz yo nan yon fason ki dirab pou anviwònman an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan New York ap dirije nasyon an nan efò li yo pou konbat chanjman klimatik, n ap kontinye bay finansman priyorite pou inisyativ ki ankouraje kwasans ekonomik nan yon fason responsab pandan y ap diminye menas pou anviwònman nou an".

Pwogram Asistans Ray pou Pasaje ak Kagezon an ki administre pa Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, sipòte investisman ki amelyore mouvman an sekirite machandiz yo, amelyore fyabilite sèvis pou kenbe ak devlope djòb nan manifakti, epi sipòte devlopman ekonomik, espesyalman nan nò eta a. Anons jodi a bay finansman pou reyabilitasyon tren ak pon, ekspansyon kapasite, akizisyon ekipman tren ki pi pwòp, ak modènizasyon ak ekspansyon enfrastrikti tren nan lakou machandiz yo ak nan enstalasyon pò maritim yo.

Investisman estratejik jodi a nan ray tranpò machandiz sèvi tou pou sipòte objektif klimatik New York la k ap menen nan nasyon an. Ray pou tranpò machandiz deja pwouve yo se youn nan metòd ki pi efikas pou depasman komès epi li plis pase twa fwa pi efikas konpare ak depasman machandiz pa kamyon. Yon sèl tren machandiz retire plizyè santèn kamyon sou wout nou yo, sa ki diminye konjesyon ak emisyon gaz ki lakòz efè sè ki danjere.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye fè investisman entelijan nan enfrastrikti pou fasilite rekipasyon ak kwasans ekonomik. Investisman vize sa yo nan ray yo pral kenbe travay manifakti ki byen peye nan nò Eta New York epi asire ke machandiz yo livre avèk efikasite, epi nan yon fason ki dirab pou anviwònman an."

Senatè Timothy M. Kennedy te deklare, "Investisman sa a nan enfrastrikti tren machandiz New York la nesèsè anpil, epi li se yon eleman enpòtan nan etabli yon kad vèt, dirab pou ekonomi nou an pandan n ap rebati apre pandemi COVID-19 la. Mwen kwè fèmman ke sa a pral ranfòse alafwa kapasite tranpò ak komès nan tout eta a, epi mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li fè sa yon priyorite."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Investisman nan enfrastrikti machandiz esansyèl, li pa sèlman kenbe, men tou li modènize sistèm nou an ki etabli ak soulaje konjesyon otowout yo. Konpayi fabrikasyon ak biznis agrikòl yo pral benefisye, ede ak ranfòse ekonomi jeneral eta nou an."

Charles Hunter, Prezidan Wout Tren New York, te deklare, "Wout Tren New York (Railroads of New York, RONY) vle remèsye Gouvènè Hochul, patnè nou yo nan Lejislati Eta a, ak Depatman Transpò paske yo bay fon esansyèl sa yo. Investisman sa a pral ede wout ray eta nou yo kenbe ak elaji sou yon rezo ray ki an sekirite, ki fyab, ki pratik pou anviwònman an ki pèmèt biznis Eta New York reyalize gwo avantaj konpetitif. sèvis ray pou tranpò machandiz yo bay nan tranpòte machandiz atravè tout Amerik Dinò a"

Gen yon lis pwojè ki repati selon rejyon yo ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)